



Pou Paran/Gadyen,

*Florida Assessment of Student Thinking (FAST)* se yon sistèm swivi/kontwòl pwogrè nan aprantisaj nòm *Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)* Elèv yo va pran tès la twa fwa nan ane a; tès la evalye pwogrè elèv parapò ak nòm aprantisaj espesifik. Bi lèt sa se pou enfòmasyon ou pitit ou pral patisipe nan twazyèm ekzamen lekti ak matematik (PM3) pou klas 6<sup>th</sup>, 7<sup>th</sup> & 8<sup>th</sup> *Florida Assessment of Student Thinking (FAST) Reading and Mathematics* tès evalyasyon le 5/7-5/16. Rezilta ekzamen PM3 va montre kouman pitit ou aprann byen nòm matyè ki anseye nan klas li, epi nou va ba-ou enfòmasyon sou kouman ou ka gen aksè nan rezilta tès la yon fwa tout ekzamen konplete.

Pitit ou pral pran sou konpitè oswa tablet, ekzamen FAST, ki se tès adaptatif. Kesyon yo mwen fasil oswa pi difisil selon jan yon elèv reponn, epi chak elèv va wè diferan kesyon nan bank kesyon. Chak tès esè pou tès la (PM1, PM2, ak PM3) va prezante kesyon ki kouvri tès la nèt selon “yon plan direktè,” vledi elèv yo va wè epi reponn kesyon reprezantativ nòm matyè a oswa nivo klas la. Pou plis enfòmasyon sou konsepsyon tès la, tanpri vizite sit <https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>. Lakay, si oumenm oswa pitit ou, elèv la, ta renmen fè entèksyon ak platfòm tès anliy oswa revwa egzanp kesyon nan tès lekti FAST, *FAST Reading* and *Mathematics* echantiyon materyèl tès disponib sou sit <https://flfast.org/families.html>.

Li enpòtan pou ou menm ak pitit ou revwa regleman sa yo anvan pitit ou pran ekzamen an:

- **Aparèy elektwonnik**—Yo pap pèmèt elèv yo pote aparèy elektwonnik, nenpòt lè, pandan yap pran ekzamen **oswa** lè yo nan brèk (egzanp ale nan twalèt) **menmsi aparèy elektwonnik yo fèmen oswa elèv yo pap itilize yo**. Yon aparèy elektwonnik se kapab yon telefòn selilè (cell phones), telefòn entelijan (smartphones), ak mont entelijan (smartwatches) ak lòt aparèy elektwonnik ki pa mansyone. Si yo jwenn pitit ou ak yon aparèy elektwonnik, oswa ap itilize Bluetooth/kas odyo sanfil/ekoutè (Bluetooth/wireless headphones/earbuds) pandan ekzamen an, yo va anile ekzamen an.
- **Règ sou kalkilatis**—Pou klas 7-8 tès evalyasyon FAST Matematik, *Grades 7–8 FAST Mathematics*, itilize kalkilatis syantifik depòch ki apwouve. Pou klas 6 FAST Matematik, *Grade 6 FAST Mathematics*, elèv yo ka itilize kalkilatis kat-fonksyon depòch.
- **Testing Rules Acknowledgment**—Tout tès vin akonpaye ak yon Aseptans Regleman Ekzamen, tèks la esplike: “Mwen konprann regleman yo fèk li pou moun. Si mwen pa swiv regleman yo, nòt ekzamen mwen ka anile.” Anvan elèv yo pran ekzamen an, siveyan yo dwe li regleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règ ekzamen lè yo klike sou bwat seleksyon nan navigatè sekirize ki endike yo konprann regleman yo.
- **Diskite kesyon ki nan tès apre ou fin pran ekzamen**—Anvan elèv yo klike bwat seleksyon pou asepte Aseptans regleman ekzamen (Testing Rules Acknowledgment) dènye pati yo li pou elèv yo esplike paske kontni tès evalyasyon onivo leta sekirize epi konfidansyèl, elèv yo pap kapab, apre tès la, diskite oswa revele detay sou kontni tès la (tankou kesyon tès ak pasaj). Elèv yo pap kapab diskite sa nan okenn kominikasyon elektwonnik, tankou voye yon mesaj tèks (texting), voye yon imel (emailing), oswa poste sou sit medya sosyo. Anvan pitit ou pran ekzamen, fè sèten pitit ou konprann direktiv sa epi fè li chonje “diskite” kontni tès la vledi nenpòt kominikasyon elektwonnik, tankou tekste, voye yon imel, poste sou sit rezo sosyo oswa pataje anliy (online). **Alòske elèv yo pap kapab, apre tès la, pataje enfòmasyon osijè kontni tès konfidansyèl, direktiv sa pa gen entansyon anpeche elèv diskite esperyans yo avèk paran/fanmi.**
- **Elèv la dwe travay poukont li**—Chak elèv responsab travay poukont li pandan ekzamen an epi pou li pa kite lòt elèv wè repons pa-li. Si yo bare elèv ap triche pandan ekzamen an, yo ka anile tès yo.
- **Kite kanpis lekòl la**—Si pitit ou konmanse yon ekzamen epi pitit ou soti lekòl la anvan li fini tès la (egzanp li ale nan lench, nan yon randevou), yo **pap** kite pitit gason oswa pitit fi ou retoune nan klas la pou li fini ekzamen an. Si pitit ou pa santi li byen jou lap pran tès la, pito li tann pou li pran tès la nan sesyon ratrapaj lekòl la pwograme. Chonje pa fè randevou jou pitit ou gen ekzamen nan lekòl li.

- **Akomodasyon ak adaptasyon diran tès**—Si pitit ou gen yon plan edikasyon endividyèl [Individual Education Plan (IEP)], yon plan Section 504 Plan, oswa se yon Aprenan Lang Angle [English Language Learner (ELL)] oswa li soti toudènyèman nan pwogram ELL, tanpri kontakte lekòl la epi mande si gen lòt akomodasyon lekòl la ka founi pitit ou pandan ekzamen.

Si ou gen kesyon anrapò ak administrasyon tès sa, tanpri kontakte Mr. Rossi nan 754-322-4114.

Pou plis enfòmasyon osijè pwogram FAST, tanpri vizite sit entènèt [FLFAST.org](http://FLFAST.org).

Mèsi pou sipò wap bay pitit ou epitou pou ankourajman ou ba-li pou li fè lemye li kapab lè lap pran ekzamen.

Sensèman,

Tariq Qaiyim